

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran panalungtikan anu dilaksanakeun pikeun maluruh data panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode studi kuasi ékspérimén pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa saméméh jeung sabada maké média *Anchor*.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *Pretest-Posttest*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali ku cara tés nyaéta saméméh ékspérimén (*Pre-test*) jeung sabada ékspérimén (*Post-test*). *Pre-test* pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina nyarita pangalaman pribadi. Sabada éta, dibéré perlakuan (*treatment*) kumaha larapan média *Anchor* dina pangajaran nyarita pangalaman pribadi. Satuluyna dilakukeun *post-test* pikeun ngukur kamampuh ahir siswa dina nyarita pangalaman pribadi. Gambaran tina panalungtikan saperti ieu di handap.

Tabél 3. 1
Desain Panalungtikan

O₁	X	O₂
----------------------	----------	----------------------

(Sugiyono, 2016)

Keterangan:

O₁ = *Pre-test* kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi saméméh maké média *Anchor*.

X = *Treatment* maké média *Anchor*.

O₂ = *Posttest* kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi sabada maké média *Anchor*.

3.2 Data jeung Sumber Data


Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Siswa kelas VII-I aya 29 Nida Sa'diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

siswa anu ngawengku 15 lalaki jeung 14 awéwé. Pernahna ieu sakola di Jl. Kautamaan Istri No.31, Balonggede, Kec. Regol, Kota Bandung, Jawa Barat. Kurikulum anu dipaké di ieu sakola nyaéta kurikulum 2013 pikeun kelas VII jeung IX, sarta kurikulum merdeka pikeun kelas VII.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Aya sababaraha tahapan anu kudu dilaksanakeun, di antarana nyaéta bakal dijéntrékeun dina bagan 3.1 di handap.



Bagan 3. 1
Prosedur panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosédur panalungtikan bakal ditétélakeun di handap.

1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nyarita.

Saméméh panalungtikan, panalungtik maluruh masalah-masalah anu karandapan ku siswa umumna kelas VII, khususna kelas VII-I. Lian ti éta maluruh situasi jeung kaayaan di sabudereun sakola SMP Negeri 43 Bandung.

2) Ngarumuskeun Masalah

Nida Sa'diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sabada ngaidéntifikasi masalah, tuluy éta masalah téh dirumuskeun naon pasualan anu karandapan ku kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung.

3) Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, satuluyna nyusun tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan ngeunan média *Anchor* dina nyarita pangalaman pribadi.

4) Ngarumuskeun Hipotésis

Saméméh panalungtikan lumangsung, panalungtik ngarumuskeun heula hipotésis pikeun dadasar anu satuluyna dibuktikeun bebeneranana.

5) Ngarumuskeun Instrumen

Panalungtik nyieun instrumen panalungtikan mangrupa tés dina wangun *pre-test* jeung *post-test*

6) Ngumpulkeun data (kamampuh saméméh, *treatment*, kamampuh sabada)

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di SMP Negeri 43 Bandung kelas VII-I taun ajar 2022/2023, tuluy ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas anu fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada maké média *Anchor*. Kamampuh awal dilakukeun saméméh *treatment*, tujuana pikeun mikanyaho kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung kelas VII-I saméméh maké média *Anchor*. Kamampuh sabada dilakukeun *treatment* anu tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung kelas VII-I sabada maké média *Anchor*.

7) Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data kamampuh saméméh jeung kamampuh sabada maké média *Anchor*. Satuluyna data di paluruh dumasar kana kritéria mére skor naha kaasup kana katégori kurang pisan, kurang, cukup, hadé, atawa hadé pisan. Sabada ti éta, data anu kapaluruh diuji sipat datana ku ngagunakeun SPSS versi 26.

8) Nyusun Laporan

Sabada panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan jeung nganalisis data, satuluyna panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta data anu dicangking ku cara ngagunakeun tés. Tés (*pretest* jeung *posttest*), tés anu digunakeun mangrupa tés kaparigelan nyaritakeun pangalaman pribadi. *Pretest* dilaksanakeun ti mimiti nyaéta saacan ngalaksanakeun *treatment* pikeun mikanyaho kamampuh siswa saacanna.

Hasil tés awal jeung ahir anu béda nunjukeun ayana pangaruh tina perlakuan anu béda. Sabada nyangking sakabéh data anu dibutuhkeun, satuluyna data diolah ngagunakeun hitungan statistik.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2016), instrumén panalungtikan mangrupa alat ukur dina prosés panalungtikan. Cindekna, instrumén panalungtikan nyaéta hiji pakakas nu dipaké pikeun ngukur fénoména nu rék ditalungtik. Anapon léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data, diantarana:

- 1) Siswa dibéré pancén nyaritakeun pangalaman pribadi anu mangrupa *Pre-test*. Ieu pancén pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh dibéré perlakuan maké média *Anchor*.
- 2) Sabada dibéré perlakuan, siswa dibéré pancén nyaritakeun pangalaman pribadi anu mangrupa *Post-test*. Ieu pancén pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada dibéré perlakuan maké média *Anchor*.

Tabél 3. 2

Format Tés Nyaritakeun Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023

Paréntah:

Pék nyarita ngeunaan pangalaman pribadi maké média *Anchor* kalawan katangtuan saperti di handap.

1. Siswa nyarita pangalamanna anu karandapan boh pangalaman kasedih, kasono, kabungah, atawa sajabana.
2. Siswa ngalakukeun proses nyarita ngaliwatan média *Anchor* di bumina séwang-séwangan.
3. Aspék anu dipeunteun dina nyaritakeun pangalaman pribadi nyaéta:
 - a. lentong;
 - b. pamahaman eusi;

Nida Sa'diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. lafal;
- d. kalancaran;
- e. diksi.

3.6 Analisis Data

Analisis data anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik analisis data, uji sipat data, jeung uji hipotésis.

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Data anu diolah jeung dianalisis nyaéta data kamampuh nyaritaeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada maké média *Anchor*.

Léngkah-léngkah nganalisis dina ieu panalungtikan dijéntrékeun saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa hasil nyaritakeun pangalaman pribadi siswa, kudu aya pedoman pikeun tatapakan méré peunteun. Aspék anu dijadikeun tatapakan meunteun hasil nyarita siswa nyaéta aspék lentong, lafal, pamahaman eusi, kalancaan, jeung diksi. Unggal aspék dibéré skor kalawan skala 1-5.
- 2) Méré peunteun kana hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa dina nyarita pangalaman pribadi. Anapon cara meunteun hasil nyarita pangalaman pribadi, ieu di handap aya kritéria jeung rentang nilai kamampuh siswa.

Tabél 3.3
Kritéria Méré Skor Tés Nyaritakeun Pangalaman Pribadi

Aspek Peunteun	Skala	Katégori	Indikator
	1	Kurang Pisan	Lentong teu béntés teu merenah

Nida Sa'diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aspek Peunteun	Skala	Katégori	Indikator
Lentong	2	Kurang	Lentong kurang béntés tur kurang merenah
	3	Cukup	Aya lentong nu kurang béntés tur kurang merenah
	4	Hadé	Lentong béntés rada alus, teu loba méngpar
	5	Hadé Pisan	Lentongna alus sampurna
Lafal	1	Kurang Pisan	Loba kasalahan
	2	Kurang	Loba lafal nu kurang merenah
	3	Cukup	Kasalahan dina lafal rada sering
	4	Hadé	Lafalna alus, teu loba méngpar
	5	Hadé Pisan	Lafal unggal sora bersih, jelas, sampurna
Pamahaman Eusi	1	Kurang Pisan	Teu maham kana eusi carita pangalaman pribadi, kurang ngaguluyur
	2	Kurang	Kurang maham kana eusi carita pangalaman pribadi, kurang ngaguluyur
	3	Cukup	Maham kana eusi carita pangalaman pribadi kalawan ngaguluyur sok sanajan masih aya nu kurang merenah
	4	Hadé	Maham kana eusi pangalaman pribadi, ngadeukeutan sampurna
	5	Hadé Pisan	Maham pisan kana eusi pangalaman pribadi, sampurna
Kalancaran	1	Kurang Pisan	Teu lancar dina nepikeunna pangalaman pribadi
	2	Kurang	Kurang lancar dina nepikeun pangalaman pribadi

Aspek Peunteun	Skala	Katégori	Indikator
	3	Cukup	Lumayan lancar, tapi masih aya kasalahan dina nepikeun pangalaman pribadi
	4	Hadé	Lumayan lancar dina nepikeun pangalaman pribadi
	5	Hadé Pisan	Lancar pisan dina nepikeun pangalaman pribadi
Diksi	1	Kurang Pisan	Loba kasalahan
	2	Kurang	Masih kamalayan tur kurang merenah
	3	Cukup	Masih aya nu kamalayan tapi teu sering
	4	Hadé	Diksina alus teu loba méngpar
	5	Hadé Pisan	Diksina alus sampurna

(Haerudin & Suherman 2019, kalawan diropéa deui)

Tabél 3.4

Katégori hasil préséntase aspék nyarita

Préséntase	Katégori
0-1,99	Kurang Pisan
2-2,99	Kurang
3-3,99	Cukup
4-4,99	Hadé
5	Hadé Pisan

(Silamon, 2020, kalawan diropéa deui)

- 3) Ngasupkeun peunteun *pre-test* jeung *post-test* nyaritakeun pangalaman pribadi siswa.

Tabél 3.5
Format Peunteun Kamampuh Nyaritakeun Pangalaman Pribadi

Siswa (No. Absen)	Aspék nu dipeunteun					Σ	P	Kat.
	A	B	C	D	E			

Katerangan:

- A = Lentong
 B = Lafal
 C = Pamahan eusi
 D = Kalancaran
 E = Diksi
 Σ = Jumlah skor (A+B+C+D+E)
 P = Peunteun siswa

$$P = \frac{\text{Jumlah skor (A+B+C+D+E)} \times 100}{\text{Skor Maksimal}}$$

Pikeun ngukur kamampuh ahir siswa, diayakeun rentang katégori peunteun. Rentang peunteun dijadikeun acuan hasil peunteun siswa aya dina rentang katégori kurang pisan, kurang, cukup, hadé, atawa hadé pisan. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap rentang peunteun kamampuh siswa.

Tabél 3. 6
Katégori Peunteun

Katégori Peunteun	
0-54	Kurang Pisan
55-64	Kurang
65-79	Cukup
80-89	Hadé
90-100	Hadé Pisan

(Sugiantiningsih spk., 2019)

Nida Sa'diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data dilaksanakeun pikeun maluruh data anu geus dikumpulkeun. Dina ieu panalungtikan uji sipat data anu bakal dilakukeun nyaéta uji normalitas jeug uji hipotésis. Uji normalitas dilakukeun pikeun maluruh data naha data anu dikumpulkeun normal atawa henteu. Sedengkeun uji hipotésis dilakukeun pikeun maluruh jawaban anu kaputusan bakal dicokot dina ieu hasil panalungtikan. Ieu data panalungtikan diolah ngagunakeun (*Statistical Product and Service Solution*) *SPSS versi 26*.

3.6.3 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun mikanyaho naha data anu dipaluruh distribusina normal atawa henteu (Widiyanto, 2013). Sakumaha anu dijéntrékeun ku Quraisy (2020) pikeun ngabuktikeun normal atawa henteuna hiji data bisa dilakukeun ku ngagunakeun analisis *Kolmogorov-Smirnov* atawa *Shapiro-Wilk*.

Dina ieu panalungtikan cara anu bisa digunakeun pikeun ngitung ieu masalah téh nyaéta *Shapiro-Wilk* ngaliwatan *SPSS versi 26*. Pikeun nguji normalitas dina ieu panalungtikan katitén saperti di handap.

H_0 = data miboga distribusi normal

H_1 = data nimoga distribusi henteu normal

Kritéria dina ngujina nyaéta ku taraf signifikansi 95% ($\alpha = 0,05$). Saupama nilai *Asymp Sig*, hiji variable leuwih gedé tina nilai signifikan ($\text{sig} > 0,05$ mangka éta *variable* kaasup distribusi normal, hartina H_0 ditarima. Sedengkeun upamana nilai *Asymp Sig* hiji *variable* leuwih leutik tina nilai signifikan ($\text{sig} < 0,05$ éta *variable* kaasup kana distribusi henteu normal.

3.6.4 Uji Hipotésis

Uji hipotésis mangrupa salasihiji cabang paélmuan Statistika Inférensial. Statistik inférensial nyaéta anu nganalisis data sampel pikeun ngageneralisasikeun data populasi (Sutopo & Slamet dina Mufarrikhoh, 2019).

Uji hipotésis nyaéta pernyataan nu perlu di uji bebeneranna (Usman & Akbar, 2020). Sakumaha anu dijéntrékeun ku Sugiyono (2016) hipotésis nyaéta jawaban saheulaaneun ngeunaan rumusan masalah nu ditepikeun ngaliwatan kaliamah pananya.

Uji hipotésis dilakukeun maké statistik paramétrik, upama distribusi datana normal, sedengkeun distribusi datana teu normal maké statistik non-paramétrik. Dina ieu panalungtikan uji hipotésis dilakukeun maké *SPSS versi 26*, ngaliwatan *t-test* program *SPSS versi 26*. Acuan anu dijadikeun dadasar *t-test* nyaéta nilik kana nilai signifikansi (Sig).

Léngkah awal dina nguji ieu hipotésis ngaliwatan *t-test* program *SPSS versi 26* ku cara nangtukeun hipotésis saperti ieu dihandap.

Hipotésis nol (H_0) = Henteu aya bédana antara kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi Siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023 maké média *Anchor*.

Hipotésis Alternatif (H_a) = Aya béda anu signifikan antara kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi Siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada maké média *Anchor*.